



## **Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)**

Nimewo: **A-830**

Sijè: **RÈGLEMEN KONT DISKRIMINASYON AK PWOSEDI POU POTE PLENT KONT  
DISKRIMINASYON ENTÈN**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **19 oktòb 2023**

### **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a modifye ak ranplase règleman Chanselye A-830 (Chancellor's Regulation, CR A-185) ki gen dat 17 fevriye 2022.

#### Chanjman:

- Ajoute "wotè" ak "gwosè" kòm kategori ki pwoteje nan Seksyon I.A.1 (Opòtinite pou Travay Egal) ak I.C.1 (Aksè pou paran ak lòt Moun k ap fè entèaksyon avèk DOE).



## **Regulation, CR)**

## **Règleman Chanselye (Chancellor**

Nimewo: **A-830**

Sijè: **RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK PWOSEDI POU POTE PLENT KONT  
DISKRIMINASYON ENTÈN**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **19 oktòb 2023**

### **REZIME**

Regleman sa a tabli regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) kont diskriminasyon. Li tabli tou yon pwosesis evalyasyon entèn pou anplwaye, aplikan pou djòb, paran ak elèv ak lòt moun ki fe biznis avèk DOE, travay avèk anplwaye oswa elev DOE, itilizasyon enstalasyon DOE oswa k ap entèaji avèk DOE ki ta renmen pote plent kont diskriminasyon ilegal oswa arasman anplwaye DOE oswa moun ki pa anplwaye DOE fè men ki travay avèk anplwaye oswa elèv DOE dapre yon klasifikasyon pwoteje, tankou arasman seksyèl oswa vanjans ki baze sou plent sa yo. Yo ka pote plent kont arasman seksyèl ant elèv ak arasman ki baze sou yon kategori ki pwoteje, entimidasyon ak/oswa agresyon yon elèv fè kont yon lòt elèv dapre CR A-831, arasman seksyèl ant elèv oswa CR A-832, diskriminasyon ant elèv, arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon. Yo dwe rezoud akizasyon pou diskriminasyon/arasman elèv sou estaf DOE dapre CR A-443 ak Atant konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv (Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning (Kòd Disiplin).

## **I. REGLEMAN**

Regleman sa a tabli regleman Depatman edikasyon (Department of Education,DOE) sou egalite nan anplwa ak opòtinite nan edikasyon.

### **A. Opòtinite egalego pou djòb**

1. Se politik Depatman Edikasyon (DOE) pou l bay opòtinite anplwa egalego dapre lwa ak règleman ki aplikab, san konsidere ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, chomaj, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason), wotè, gwosè, kondisyon militè, ansyen dosye arestasyon oswa anprizònman, moun k ap bay swen, istwa kredi konsomatè, karakteristik predispozisyon jenetik, desizyon sante seksyèl ak sante repwodiktif, oswa kondisyon kòm viktim vyolans konjigal, agresyon seksyèl, oswa swiv moun.
2. Yo mete definisyon tèm yo ak klasifikasyon ki pwoteje yo nan Seksyon IX (Definisyon).
3. Se politik DOE tou pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman sou baz kategori pwoteje ki pi wo a, ladan arasman seksyèl, epi pou konfòme l avèk tout lwa nan akò kolektif DOE a ki entèdi diskriminasyon.
4. Se yon vyolasyon regleman sa a pou nenpòt anplwaye DOE gen konduit, kit sou pwopriyete lekòl la/enstalasyon DOE oswa pandan yon pwogram oswa yon aktivite DOE, tankou aprantisaj/travay sou entènèt, ki fè diskriminasyon ak/oswa arasman kont yon lòt anplwaye sou baz nenpòt klasifikasyon yo pwoteje ki pi wo a, tankou arasman seksyèl (jan yo defini l nan Seksyon IX) , kote konduit sa yo: (1) deziye anplwaye DOE/aplikan ak kondisyon, oswa privilèj djòb ki enferyè ; oswa (2) kreye yon anviwònman travay ki pa agreyab, ofansif oswa ki gen entimidasyon.
5. Se yon vyolasyon règleman sa a tou pou anplwaye DOE gen konpòtman diskriminasyon ak/oswa arasman kont aplikan pou anplwa, ak lòt moun ki fè biznis avèk Nimewo DOE travay yo DOE, ki itilize lokal DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE yon lòt fason.
6. Eksepte si lalwa di yon lòt bagay, yo entèdi DOE investigate sou istwa salè yon aplikan pou yon djòb oswa pou konsidere istwa salè li pou detèmine salè, avantaj oswa lòt konpansasyon pou aplikan sa a pandan pwosesis anbochman an, tankou negosyasyon yon kontra.
7. Moun ki pa anplwaye DOE men ki travay avèk Anplwaye DOE oswa elèv yo entèdi pou gen konduit yo dekri nan Seksyon I.A epi yo dwe rapòte konduit sa yo dapre Seksyon II.C ak III.A.1.

**B. Opòtinite egalego nan edikasyon**

1. Se règleman DOE pou bay opòtinite edikasyon egal, ki gen ladan asire yo bay tout elèv aksè nan pwogram, sèvis, aktivite, ak etablisman DOE, annakò avèk lwa ak règleman ki aplikab san konsiderasyon ras aktyèl oswa aparans, koulè, relijyon, laj, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenasyon, sitiyanasyon sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks oswa pwa.
2. Yo mete definisyon tèm yo ak klasifikasyon ki pwoteje yo nan Seksyon IX (Definisyon).
3. Se règleman DOE tou pou li kenbe yon anviwònman edikasyon kote ki pa gen arasman sou baz nenpòt nan bagay ki nan kategori pwoteje yo, ladan arasman seksyèl.
4. Se yon vyolasyon regleman sa a pou fè diskriminasyon kont nenpòt anplwaye DOE oswa pou kreye yon anviwònman lekòl ki pa agreyab pou yon elèv akòz konduit, kit se sou pwopriyete lekòl/enstalasyon DOE, pandan yon pwogram oswa aktivite DOE, tankou aprantisaj/travay sou entènèt, sou baz nenpòt rezon ki site pi wo a, tankou arasman seksyèl (jan yo defini l nan Seksyon IX), kote konduit sa a: (1) gen efè ki grav ki ta antrave kapasite yon elèv pou l patisipe nan pwogram edikasyon yo oswa pou l benefisye nan pwogram, nan aktivite lekòl la fè oswa nan nenpòt lòt aspè edikasyon elèv la; oswa (2) gen efè grav ki ta antrave byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik yon elèv; oswa (3) lakoz oswa ki ta ka lakoz yon elèv gen krent pou sekirite fizik li; oswa (4) lakoz oswa ki ta ka lakoz yon elèv sibi chòk fizik oswa emosyonèl. Se yon vyolasyon regleman sa tou pou nenpòt anplwaye DOE gen konduit ki site pi wo a andeyò pwopriyete lakòl la/enstalasyon DOE lè konduit sa yo deranje oswa yo ta prevwa ki ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete andanje oswa yo ta prevwa i ki ka mete andanje sante, sekirite, moral oswa byennèt kominote lekòl la.
5. Konduit ak / oswa zak vèbal oswa ekri sa a ka gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò: refi aksè nan twalèt, sal pou chanje rad, vestyè, ak / oswa pwomnad sou baz klasifikasyon ki pi wo yo; ranfòsman yon kòd abiman, aparans espesifik oswa aparans estanda nan yon fason ki fè diskriminasyon kont yon elèv sou nenpòt nan klasman ki endike anwo yo pwoteje; oswa itilize non oswa pwonon oswa pwononsyasyon non nan yon fason ki diskrimine kont yon elèv sou nenpòt nan klasifikasyon ki endike anwo yo (pa egzanp, fè espere lè l sèvi avèk yon pwonon ki pa konsistan avèk idantite seksyèl elèv la revandike nan lekòl la).
6. Moun ki pa anplwaye DOE men ki travay avèk elèv entèdi pou gen konduit yo dekri nan Seksyon I.B epi yo dwe rapòte konduit sa yo dapre Seksyon II.B ak III.A.1.

C. Aksè pou paran ak lòt moun k ap fè entèksyon avèk DOE

1. Se règleman DOE pou asire paran gen aksè nan pwogram, sèvis ak aktivite DOE yo (kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a, “paran” vle di paran oswa responsab elèv la oswa nenpòt moun ki gen lyen paran oswa relasyon gad avèk elèv la, elèv la si li se yon minè emansipe oswa si li laj dizuit lane (18)) ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki travay avèk anplwaye DOE oswa elèv, ki itilize enstalasyon DOE oswa ki fè lòt entèksyon avèk DOE san konsiderasyon ras, koulè, relijyon, laj, kwayans, etnisite, peyi orijin, sityasyon nasyonalite, estati sitwyènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks moun, wotè, gwosè, estati matrimonial, estati patnè oswa estati militè. Yo ka pote plent ki gen akizasyon yon vyolasyon seksyon sa a dapre pwosedi ki nan seksyon III.A.2 ak III.A.3 epi yo ka rekòmande yo pou pran mezi suivi ki apwopriye.

D. Konduit, Atant ak Suivi

1. Yo atann pou chak anplwaye DOE se yon egzanp nan lekòl yo ak nan biwo kote y ap travay epi ki responsab pou kenbe yon anviwònman aprantisaj pozitif ak favorab ki pa gen diskriminasyon ak arisman sou baz nen klasifikasyon ki pwoteje yo debat nan règleman sa a, tankou arasman seksyèl ak/oswa vanjans.
2. Konduit Seksyon I.A ak I.B ki pi wo a se reprimand vèbal, nonvèbal, fizik, ekri oswa ki transmèt sou fòm elektwonik atravè teknoli (tankou selilè, imèl, asistan dijital pèsonèl, tèks, apps, aparèy pòtab san fil, medya sosyal, chat rooms, sistèm jwèt ak blogs).
3. Konduit Seksyon I.A ak I.B ki pi wo a vyole règleman sa a, kit se ofans entansyonèl ou non kit li vize yon moun oswa yon gwoup anpatikilye.
4. Yon anplwaye DOE ki gen conduit ki vyole règleman sa a ka sibi mezi suivi oswa sanksyon ki apwopriye, jiska revokasyon, menm si conduit sa a pa rive nan nivo vyolasyon lwa antidiskriminasyon federal, eta oswa lokal.
5. Pa gen anyen nan règleman sa a ki anpeche yon direktè oswa sipèvizè pou oryante oswa pran sanksyon kont yon anplwaye DOE akòz move conduit ki an vyolasyon avèk règleman sa a. Tèm “sipèvizè” vle di yon anplwaye DOE k ap aji kòm yon sipèvizè epi ki ka nan yon lokal ki pa yon lekòl.
6. Yo egzije pou tout anplwaye DOE prezante pou yon entèvyou si Office of Equal Opportunity & Diversity Management (OEO) konvoke l ak pou kowopere nan investigasyon plent OEO yo. Lè konsène yo ak/oswa temwen yo pa patisipe nan investigasyon an, OEO pral fè yon investigasyon nan limit posib.
7. Nenpòt tantativ pou manipile oswa antrave yon investigasyon OEO, se yon vyolasyon règleman sa a; yo dwe rapòte imedyatman ba Office of the Special Commissioner of Investigation (SCI) epi sa ka lakoz sanksyon.
8. Se règleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt moun ki pa dakò ak praktik diskriminasyon nan anviwònman travay la, ki pote plent kont diskriminasyon oswa arasman jan yo dekri l la nan Seksyon I.A, I.B, oswa I.C pi wo a, oswa ki pote plent, patisipe nan investigasyon sou yon plent kont diskriminasyon entèn oswa ekstèn. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akòz patisipasyon yo nan yon aktivite ki pwoteje kòm vanjans.

9. Eksepte sa ki nan Seksyon I.D.10 pi ba a, plent yo pote dapre Seksyon I.A.7 ak II.B.6 ,OEO ka envestige yo jan yo di sa nan Seksyon III oswa li ka refere l ba patwo ekstèn lan pou fè suivi ki apwopriye.
10. OEO pral voye tout plent ki gen akizasyon arasman seksyèl kont yon elèv ba SCI pou fè suivi ki apwopriye.

## **II. RAPÒ**

- A. Anplwaye DOE, aplikan pou djòb, paran, elèv ak lòtmoun ki fèbiznis avèk DOE, ki travay avèk anplwaye DOE oswa elèv, ki itilize enstalasyon DOE oswa ki fè lòt kalite entèaksyon avèk DOE ka pote plent ki fè konnen yo te viktim konduit ki ta vyole regleman sa a, jan yo di sa nan Seksyon III.A.
- B. Nenpòt anplwaye DOE ki vin okouran yon konduit kont yon elèv, ki ta vyole Seksyon I.B, oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon oswa ki resevwa avi, ke yon elèv ta viktim yon konduit konsa, dwe rapòte aloral swadizan ensidan an ba direktè a/reprezantan l oswa sipèvizè oswa sipèvizè a si anplwaye k ap rapòte a se pa yon anplwaye nan lekòl la nan espas yon (1) jounen lekòl. Nan espas de (2) jou lekòl apre rapò aloral la, anplwaye DOE ki fè rapò a dwe tou pote yon plent alekri sou fòm dijital jan yo dekri l nan seksyon III.A.1 ki pi ba a epi avèti direktè/reprezantan l oswa sipèvizè a ke yo pote plent. Si akizasyon an se kont direktè oswa sipèvizè anplwaye DOE ki fè rapò a bezwen sèlman pote yon plent sou fòm elektwonik ba OEO, jan yo di sa nan Seksyon III.A.1.
- C. Nenpòt direktè oswa sipèvizè ki vin okouran konduit ki ka vyole Seksyon 1.A dwe imedyatman pote plent ba OEO, jan yo di sa nan Seksyon III.A.1 ki pi ba a. Si yon Direktè oswa sipèvizè pa pote yon plent ba OEO dapre paragraf sa a, sa se yon vyolasyon règleman sa a.
- D. Nou ankouraje moun ki pa moun ki oblije pote plent pou rapòte konduit ki ka vyole regleman sa a dapre Seksyon III.A.2.
- E. Anplwaye DOE yo dwe avèti (New York City Police Department, NYPD) pou tout rapò sou konduit ki sanse rive ki ka konstitiye yon krim dapre regleman ak pwosedi ki nan CR A-412 (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-412-haitian>).

### **III. PWOSEDI POU POTE PLENT**

#### **A. Pwosedì pou pote plent**

1. Plent elektwonik yo pote dapre Seksyon II.B ak II.C, yo dwe pote l avèk plent fòm pou pote plent ki sou entènèt la ki disponib nan <https://www.nycenet.edu/oeo>.
2. Moun ki pa moun ki oblije pote plent dapre Seksyon II.B ak II.C ka pote yon plent si yo mete OEO okouran pa imèl, telefòn oswa anpèsòn nan nimewo oswa nan adrès yo bay nan fen regleman sa a. Yo ka pote plent tou pou arasman oswa diskriminasyon seksyèl oswa arasman ak diskriminasyon ki baze sou sèks moun si yo mete kowòdonatè Tit IX DOE a okouran pa imèl, telefòn oswa anpèsòn nan nimewo oswa nan adrès yo bay nan fen regleman sa a.
3. Moun ki pa moun ki oblije pote plent dapre Seksyon II.B ak II.C ka pote yon plent anonim pou yon vyolasyon regleman sa a. OEO ap evalye plent anonim yo pou wè kijan yo ta sipoze konsidere yo apati enfòmasyon yo bay.
4. Eksept janyo di sa nan Seksyon II.B ak II.C ki pi wo a, pou yo ka fasilite rezilasyon rapid, konplè ak san patipri plent yo, yo dwe pote tout plent ba OEO pi vit posib epi pa pi ta pase yon (1) ane apre swadizan ensidan an. Lè gen sikonstans ki pa grav, OEO ka envestige plent ki pote plis pase yon (1) ane apre ensidan ki sanse rive a.

Plent pou akizasyon konduit Seksyon I.B regleman sa a ki rive kont elèv pa gen limit nan tan pou yo pote yon plent.

#### **B. Avi pou paran**

1. Si yon moun ki pa paran moun ki sanse viktim lan pote plent pou konduit regleman sa a entèdi kont yon elèv, direktè a dwe fè paran elèv sa a konnen ke yo deja fè yon plent.
2. Si direktè a se konsène nan plent lan, sipèntandan/reprezantan l dwe mete paran elèv ki sanse viktim lan okouran imedyatman ke yo deja pote yon plent.

#### **C. Sipò ak/oswa entèkansyon**

1. Yo ka ofri sipò ak/oswa entèkansyon, si sa apwopriye, pou nenpòt nan konsène yo oswa nenpòt temwen apre yo fin pote plent lan, menm si rapò a pa mande yon envestigasyon oswa menmsi akizasyon yo pa fonde.
2. Lè yo pote yon plent pou konduit Seksyon I.A oswa Seksyon 1.B entèdi, OEO pral mete okouran direktè ak/oswa sipèvizè ki pral detèmine si sipò ak/oswa entèkansyon pou konsène oswa temwen yo apwopriye epi yo pral asire sipò ak/oswa entèkansyon yo sa yo dokimante pou elèv ak anplwaye DOE yo.
3. Sipò ak/oswa entèkansyon pou elèv se bagay sa yo ak lòt ankò:
  - a. rekòmandasyon pou sèvis medikal nan lekòl oswa andeyò lekòl;
  - b. entèkansyon pou oryantasyon (paegzanp rekòmandasyon ba travayè sosyal nan lekòl la, konseye pedagogik, sikològ, oswa lòt resous ki apwopriye nan lekòl la);
  - c. rekòmandasyon ba ajans kominote debaz pou sèvis counseling, sipò ak/oswa edikasyon oswa sèvis sante mantal;
  - d. Sipò ak ajisteman akademik (paegzanp chanjman nan kou, manje midi/poz oswa

nan orè pwogram apre lekòl; pwolonjman delè); ak/oswa

- e. devlopman yon Plan Sipò Endividyèl .
4. Sipò ak/oswa entèvansyon ki gen rapò ak djòb yo se bagay sa yo ak lòt ankò (konsistan avèk kontra negosyasyon kolektif yo):
  - a. Konje;
  - b. modifikasyon orè travay;
  - c. modifikasyon distribisyon travay; ak/oswa
  - d. chanjman nan plas travay.

#### D. Pwosedi pou envestige plent

1. Depi yo fin resevwa yon plent, OEO pral detèmine si plent lan se akizasyon pou diskriminasyon, arasman ak/oswa vanjans ki entèdi dapre regleman sa a. Si OEO detèmine regleman sa a pa entèdi akizasyon yo, OEO pral refere plent lan pou mezi swivi, si sa apwopriye.
2. Eksepte jan yo di sa nan Seksyon I.D.9, si OEO detèmine plent lan gen akizasyon pou konduit regleman sa a entèdi, OEO pral fè yon envestigasyon dapre pwosedi ki dekri nan Seksyon sa a. Kowòdonatè Tit OEO a ak lyezon Tit IX yo oswa yon envestigatè lòt OEO pral envestige plent ki gen akizasyon arasman seksyèl ak/oswa arasman ki baze sou sèks moun Seksyon 1.A entèdi kont yon elèv Seksyon 1.B. entèdi.
3. Si OEO kòmanse yon envestigasyon, OEO pral mete konsène yo okouran plent alekri imedyatman (ak paran yon elèv konsène) ak bagay sa yo:
  - a. OEO pral fè yon envestigasyon, ki pral gen ladan entèvyou avèk konsène ak temwen yo epi evalyasyon evidans ki apwopriye yo ;
  - b. Moun yo akize ki gen konduit regleman sa a entèdi gen dw pou reponn akizasyon yo;
  - c. Konsène yo gen dwa pou prezante nenpòt evidans apwopriye ak/oswa bay non temwen yo;
  - d. Anplwaye DOE ki konsène nan plent lan gen dwa pou chwazi yon reprezantan sendika oswa yon reprezantan ki pa yon avoka pou patisipe nan entèvyou envestigasyon yo a; depi yo pa idantifye reprezantan sa a kòm yon konsène oswa yon temwen nan ka aktyèl la;
  - e. Konsène yo ka resevwa sipò ak/oswa entèvansyon, si sa apwopriye pandan y ap envestige ka a; epi
  - f. Y ap bay yon desizyon alekri nan espas katrevendis (90) jou lekòl apre OEO te resevwa plent lan, si pa gen yon pwolonjman delè sa pou rezon valab.
4. OEO pral fè entèvyou avèk konsène yo ak nenpòt temwen enpòtan epi jwenn nenpòt evidans ki enpòtan.
5. Nan fen envestigasyon an, OEO pral bay rezilta envestigasyon yo ak yon rekòmandasyon alekri ki di si wi oswa non te gen vyolasyon Règleman sa a, epi l ap bay Chanselye a oswa reprezantan l rapò rezilta yo ak rekòmandasyon an.
6. Chanselye a oswa reprezantan l pral evalye rapò OEO a epi l ap pran yon desizyon alekri pou di si yo te vyole regleman sa a nan espas katrevendis (90) jou lekòl apre yo resevwa plen OEO a, si pa gen yon pwolonjman delè a pou rezon valab.
7. Yo pral enfòme konsène yo (ak paran yon elèv ki konsène) alekri sou desizyon an.



8. Lè yo pa ka fè yon investigasyon oswa pran yon desizyon, pou rezon valab, nan espas katrevendis (90) jou lekòl, OEO pral mete pleyen an ak defandè pwolonjman an ak delè yo prevwa pou bay desizyon an.
9. Si desizyon an di se gen yon vyolasyon regleman sa a, OEO pral chita avèk direktè a oswa sipèvizè a ki pral deside si gen nenpòt sanksyon oswa mezi koreksyon ki obligatwa ak si si sipò ak/oswa entèvansyon oswa lòt mezi swivi ki apwopriye.
10. Si desizyon an di p at yon vyolasyon regleman sa a, OEO pral chita pale avèk direktè oswa sipèvizè ki apwopriye a, jan yo di l nan Seksyon III.C, pou detèmine si sipò ak/oswa entèvansyon oswa lòt mezi swivi apwopriye.
11. OEO pral kenbe yon dosye investigasyon pou chak plent.

#### E. Konfidansyalite

Se règleman DOE pou respekte vi prive tout moun ak temwen ki gen pou wè ak yon ensidan konsènan plent yo pote dapre Règleman sa a. Men, yo dwe ekilibre bezwen konfidansyalita avèk obligasyon pou kolabore avèk investigasyon legal, pou bay moun yo akize a pwosedi legal ki respekte dwa ak/oswa pou pran mezi swivi ki apwopriye pou rezoud plent lan. Kidonk, yo kapab bezwen pou devwale enfòmasyon osijè plent lan nan kèk sikonstans apwopriye.

#### F. Fo Akizasyon kont Diskriminasyon

Yo ka pini yon moun ki fè yon fo akizasyon oswa ki bay fo enfòmasyon sou diskriminasyon volontèman pandan yon investigasyon sou yon plent. Yo p ap konsidere yon plent yon moun pote an tout bòn fwa kòm fo akizasyon, menmsi investigasyon an pa rive verifye l.

### IV. PIBLIKASYON PWOSEDI SA YO

- A. Anplis, chak biwo ak lekòl dwe afiche règleman kont diskriminasyon Depatman Edikasyon (DOE) an yon kote tout moun ka wè (<https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/non-discrimination-policy>), ki bay jan pou kontakte OEO, epi li di kote ou ka jwenn yon kopi regleman sa a. Yo dwe bay tout anplwaye DOE, tankou direktè ak sipèvizè avi sou regleman kont diskriminasyon ak pwosedi pou plent ak rapò DOE a ki tabli nan regleman sa a, chak ane.
- B. Dapre CR A-831 ak A-832, chak lekòl dwe distribye oswa mete materyèl ekri disponib sou fòm elektwonik ke Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD) prepare (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) ki ensiste sou pwosedi ak regleman ki nan regleman sa yo, tankou pwosedi pou swiv pou fè yon rapò ba tout estaf lekòl, paran ak elèv. Materyèl sa yo enfòme paran ak elèv sou regleman DOE kont diskriminasyon ak pwosedi pou elèv ak paran pote plent kont diskriminasyon/arasman kont anplwaye DOE sou baz nenpòt nan kategori pwoteje ki dekri nan seksyon I.B ki pi wo a.

## **V. AKOMODASYON REZONAB POU ANDIKAP**

### **A. Anplwaye ak Aplikasyon**

Nenpòt anplwaye DOE (tankou yon anplwaye ranplasan) ki se yon moun ki kalifye avèk yon andikap ka mande yon akomodasyon rezonab pou li ka jwe wòl esansyèl nan travay li genyen kounye a. Nou ankouraje anplwaye DOE pou diskite dabò demand lan avèk sipèvizè l pou kòmanse pwosesis entèaksyon an ak angaje nan yon dyalòg nan koperasyon. Si anplwaye a pa dakò avèk desizyon an, oswa sipèvizè a pa ka satisfè demand lan, anplwaye a ka kòmanse yon aplikasyon nan DOE's Self-Service Online Leave Application System (SOLAS). HR Connect Office of Medical, Leaves and Records, ak Office of Disability Accommodations (ODA) DOE pral evalye demand yo voye nan SOLAS yo.

Nenpòt anplwaye potansyèl (aplikan) ki se yon moun ki kalifye avèk yon andikap ka mande yon akomodasyon rezonab pou li ka patisipe nan pwosesis aplikasyon an menm jan ak aplikasyon ki pa gen andikap, si yo kontakte ekip entèvyou pa yo a oswa ODA.

Gen plis enfòmasyon sou pwosesis akomodasyon rezonab la ki nan memorandòm e No. 5, 2020-2021 pou estaf DOE.

### **B. Elèv**

CR A-710 (pwosedi ak regleman Seksyon 504 pou elèv, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-710-hatian-creole>) tabli regleman ak pwosedi DOE, tankou pwosedi pou plent, pou elèv ki nan lekòl ak pwogram DOE ki se moun ki kalifye ki gen andikap, jan yo defini l nan seksyon 504 lwa reyabilitasyon 1973 epi ki gen bezwen akomodasyon rezonab pou yo ka patisipe nan pwogram ak aktiivite DOE menm jan ak kamarad yo ki pa gen andikap.

## **VII. LÒT PWOSEDI POU POTE PLENT**

Pwosedi entèn sa yo pa retire dwa okenn moun pou yo mande konkou lòt kote tankou pote plent nan nenpòt nan ajans deyò nou site pi ba a.

- U.S. Department of Education, Office for Civil Rights
- U.S. Equal Employment Opportunity Commission
- New York State Division of Human Rights
- New York City Commission on Human Rights

Delè pou pote plent nan ajans sa yo ka varye. Lè yo pote yon plent nan yon ajans deyò oswa nan yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan, OEO ap transfere ka a bay Biwo Avoka jeneral (Office of the General Counsel.) DOE a.

## VIII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

**Office of Equal Opportunity & Diversity Management**

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk  
110 William Street, 15<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10038  
Telephone: 718-935-3320  
Imèl: [oeoinquiries@schools.nyc.gov](mailto:oeoinquiries@schools.nyc.gov)

**Kowòdonatè Tit IX**

110 William Street, 15<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10038  
Telephone: 718-935-4987  
Imèl: [Title IX Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)  
Website: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/non-discrimination-policy/title-ix>

**Biwo akomodasyon pou andikap (Office of Disability Accommodations)**

Imèl: [ODA@schools.nyc.gov](mailto:ODA@schools.nyc.gov)

## IX. DEFINISYON:

Enfòmasyon sa yo la kòm gid pou ede moun evite pratik diskriminasyon, men yo pa konplè.

**Alienasyon/Sitwayènte**: Kondisyon imigrasyon reyèl oswa aparant oswa kondisyon sitwayènte yon lòt peyi ki pa Etazini. Li pa yon pratik diskriminasyon ilegal pou nenpòt moun fè diskriminasyon sou baz kondisyon sitwayènte oswa pou mande ransèyman sou kondisyon sitwayènte yon moun oswa pou bay yon moun ki gen nasyonalite ameriken preferans, lè yo pèmèt preferans sa yo espesifikman, oswa yo obligatwa dapre lwa oswa règleman federal, vil la, oswa eta a.

**Estati moun k ap bay swen**: kondisyon reyèl oswa aparant kòm yon caregiver. Tèm moun k ap bay swen (*caregiver*) vle di moun k ap pran swen yon minè oswa yon moun k ap resevwa swen dirèkteman yon fason kontinyèl. Yo defini yon moun k ap resevwa swen (*care recipient*) kòm yon moun ki gen andikap ki: (i) se yon paran ki kalifye oswa yon moun ki abite lakay moun k ap bay swen an; epi (ii) ki konte sou **caregiver** a pou ba li swen medikal li bezwen chak jou. Yon paran ki kalifye gen ladan pitit, mari/madanm, konkibin, paran, sibling, pitit pitit oswa granparan caregiver a, oswa pitit oswa paran mari/madanm oswa konkibin caregiver a oswa nenpòt lòt moun ki se fanmi caregiver a.

**Koulè**: koulè po reyèl oswa paran.

**Istwa kredi konsomatè**: se valè, sitiyanasyon kredi, kapasite kredi oswa istwa peman. Patwon pa ka mande ni itilize istwa kredi kliyan yon aplikan oswa yon anplwaye pou pran okenn desizyon sou anplwa tankou, anbochaj, rekonpans ak lòt tèm ak kondisyon pou travay, amwenske lalwa oswa règleman pèmèt sa espesifikman.

**Andikap**: pwoblèm oswa istwa fizik, medikal, mantal oswa sikolojik reyèl oswa aparant, oswa dosye pwoblèm sa yo, oswa yon kondisyon lòt moun konsidere kòm andikap. Pou jwenn plis

enfòmasyon sou akomodasyon pou elèv ki gen andikap dapre Seksyon 504 lwa reyabilitasyon 1973 la, gade CR A-710 (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-710-hatian-creole>).

**Ras/orijin nasyonal:** orijin oswa idantite etnik nasyonal reyèl oswa aparant. Orijin nasyonal diferan avèk ras/koulè oswa relijyon/kwayans paske moun ki soti nan divès ras ak relijyon oswa ansèt yo kapab soti nan yon menm nasyon. Tèm "orijin nasyonal" gen ladan manm tout gwoup nasyon ak gwoup moun ki gen ansèt, eritaj, oswa desandans an komen; li gen ladan tou moun ki marye oswa asosye avèk yon moun oswa plizyè moun yon orijin nasyonal an yon patikilye.

**Sèks:** sèks reyèl oswa aparant, gwosès, oswa kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit. Entèdiksyon kont diskriminasyon dapre sèks gen ladan arasman seksyèl.

Tèm "sèks" la genyen ladan tou sèks reyèl oswa aparant yon moun oswa idantite sèks ak fason moun ekspriye sèks, ki vle di pwòp imaj yo, aparans, konpòtman, fason moun ekspriye, oswa lòt sèks, kèlkeswa sèks yo di moun nan ye lè li te fèt. Diskriminasyon sou sèks moun ka genyen ladan bagay sa yo pami lòt: refize aksè nan twalèt, nan sal pou abiye w, locker room, ak/oswa pwogram ak aktivite sou baz sèks, oswa itilize yon non oswa pwonon nan yon fason ki fè diskriminasyon (tankou fè ekspriye itilize yon pwonon ki pa konsistan avèk idantite seksyèl moun lan di li ye nan lekòl, travay, oswa lòt pwogram oswa aktivite DOE).

**Estati militè:** Patisipasyon yon moun nan sèvis militè Etazini oswa sèvis militè eta a, pami yo, Armed Forces of the United States, Army National Guard, Air National Guard, New York Naval Militia, New York Guard ak lòt fòs konsa ke gouvènman federal la oswa gouvènman eta a kapab kreye dapre lalwa.

**Kondisyon patnèchip:** kondisyon aktyèl oswa yo pèsevwa moun ki nan yon patnè domestik anrejistre.

**Karakteristik jenetik ki bay ris:** nenpòt jèn oswa kwomozòm, oswa domaj yon tès jenetik montre oswa yo dedui avèk enfòmasyon ki soti nan yon moun oswa manm fanmi li, ke yo kwè ki predispoze yon moun oswa pitit li sou plan syantifik oswa sou plan medikal, pou gen yon maladi oswa yon andikap ki asosye avèk yon gwo risk pou l devlope yon maladi fizik oswa mantal, oswa yon andikap.

**Arestasyon/Kondanasyon avan:** dosye arestasyon ak kondanasyon pou agresyon kriminel ki te rive avan. Apre pwolonjman yon òf kondisyonèl, DOE egzije yon investigasyon apwofondi ki gen ladan enfòmasyon anprent dijital, ke yo gade dapre Règleman Chanselye C-105 (investigasyon pedagoji ak administratif apwofondi aplikan yo ak pwosedi nan ka arestasyon anplwaye), <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/c-105-2-11-2003-final-remediated-wcag2-0>) ansan ak nenpòt lwa ki aplikab.

**Ras:** "ras" reyèl oswa aparant se karakteristik pèsonèl ki jeneralman asosye ak ras tankou teksti cheve ak kwafi pwotektif (paegzanp, braids, locks, ak twists, perik oswa lòt akseswa cheve), koulè po oswa kèk karakteristik vizaj.

**Relijyon/Kwayans:** relijyon oswa kwayans reyèl oswa kwayans (ansanm kwayans fondamantal, kit se relijyon oswa lòt bagay). Yon anplwaye ki mande yon akomodasyon rezonab pou rezon relijye, sipoze suiv pwosedi ki nan CR C-606 (Konje pou fèt relijye (Time Off for Religious Observance), <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/c-606-english>). Yon elèv ki mande yon akomodasyon rezonab pou rezon relijye, sipoze suiv pwosedi ki nan CR C-630 la, Akomodasyon relijye pou elèv (Religious Accommodation of Students), <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-630-haitian>).

**Iswa salè:** "Istwa salè" se salè, avantaj oswa lòt konpansasyon aktyèl oswa avan aplikan an, men

ki pa okenn mezi objektif pou randman aplikan an tankou pwofi, lavant oswa lòt rapò pwodiksyon. Eksepte si lalwa di yon lòt bagay, tankou pou transfè oswa pwomosyon entèn nan DOE, yo entèdi DOE investigate sou istwa salè yon aplikan pou yon djòb oswa pou konsidere istwa salè li pou detèmine salè, avantaj oswa lòt konpansasyon pou aplikan sa a pandan pwosesis anbochman an, tankou negosyasyon yon kontra.

**Arasman seksyèl:**

Arasman seksyèl kapab pran diferan fòm, ladan pwopozisyon seksyèl oswa menas aklè, avans seksyèl, demand favè seksyèl, sijesyon seksyèl, kòmantè ki gen rapò avèk sèks, blag ki gen rapò avèk sèks, jès obsèn egzibisyon materyèl pònografik oswa obsèn, ak kontak fizik, tankou manyen, karese, penchen, oswa fwote avèk kò yon lòt moun. Yo ka konsidere konpòtman sa yo kòm arasman menmsi se ant moun menm sèks oswa sèks opoze epi yo ka konsidere yo tou kòm konpòtman kriminel.

**A. Arasman seksyèl ki gen rapò avèk djòb:**

Arasman seksyèl Seksyon 1.A regleman sa a entèdi se sitiasyon kote:

1. yo itilize òf oswa refi konduit sa yo yon moun fè kòm baz pou pran desizyon djòb ki afekte moun sa a; oswa yo fè l swa aklè oswa vwale yon akò oswa kondisyon djòb yon moun
2. konpòtman sa yo gen objektif oswa konsekans pou entèfere san rezon nan pèfòmans travay yon moun oswa kreye yon anviwònman travay plen avèk entimidasyon, ostilite oswa vyolans.

**B. Arasman Seksyèl Elèv:**

Yo pa gen dwa janm konsidere konduit seksyèl ant yon anplwaye oswa yon moun k ap travay pou DOE avèk yon elèv kòm yon bagay ki nòmal ni apwopriye. Arasman seksyèl yon elèv Seksyon I.B regleman sa a entèdi se lè:

1. elèv la dakò avèk konduit sa a kòm kondisyon pou li avanse oswa jwenn yon edikasyon;
2. lè yo itilize akò oswa refi yon elèv avèk kondidit sa a kòm baz pou evalye l oswa ba l nòt oswa kòm yon faktè nan desizyon k ap afekte edikasyon elèv la; oswa
3. konpòtman sa a gen objektif pou entèfere san rezon avèk edikasyon yon elèv oswa kreye yon anviwònman edikasyon ki gen entimidasyon, ostilite oswa ofansif.

Pou jwenn enfòmasyon sou arasman seksyèl ant elèv, gade CR A-831 (Arasman seksyèl ant elèv, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/33608-a-831-10-07-2021-final-posted-haitian-creole>).

**Desizyon sante seksyèl ak sante repwodiktif:** Tèm lan refere ak nenpòt desizyon yon moun pran pou resevwa sèvis, yo aranje oswa ofri oswa bay moun ki gen rapò ak sante seksyèl ak sante repwodiktif, tankou sistèm repwodiktif la ak fonksyon li. Sèvis sa yo gen pami yo, pwosedi medikal ki gen rapò avèk fètilite, prevansyon maladi moun pran nan fè sèks, tès ak tretman ak sèvis planin familyal ak oryantasyon (counseling), tankou medikaman ak ekipman pou kontwòl nesans, kontrasepsyon pou ijans, pwosedi esterilizasyon, tès gwosès ak avòtman.

**Oryantasyon seksyèl:** Tèm oryantasyon seksyèl la vle di yon atirans fizik oswa seksyèl, womantik aparant oswa reyèl, pou lòt moun, oswa yon mank bagay sa yo, sou baz sèks. Gen yon pakèt oryantasyon seksyèl ki egziste, ladan yo, etewoseksyalite, omoseksyalite, biseksyalite, aseksyalite, panseksyalite.

**Kondisyon chomaj:** Tèm chomaj la vle di ou pa gen djòb, ou disponib pou travay epi w ap chèche travay. Men gen kote lalwa pèmèt pou yon patwon konsidere chomaj yon aplikan lè gen yon

rezon trè valab ki gen rapò avèk anplwa pou l fè sa, oswa pou l poze kesyon sou rezon ki fè yon aplikan pa nan djòb li te ye avan an.

**Viktim Vyolans Domestik , Agresyon Seksyèl, oswa Pèsekisyon:** Yon viktim vyolans domestik reyèl oswa aparant se yon moun ki te sibi zak oswa menas vyolans, san yo pa mete zak oto-defans ladan, nan men yon ansyen mari/madanm, yon moun ki rete nan menm kay la oswa ki te rete nan menm kay avèk viktim lan, yon moun ki te nan yon relasyon sosyal ki gen nati relasyon womantik, entim, oswa yon moun ki viv nan menm kay tout tan oswa nan entèval regilye avèk viktim lan.

Yon viktim agresyon seksyèl oswa trakaj reyèl oswa aparant se yon moun ki sibi zak sa yo yo ka konsidere kòm vyolasyon atik 130 lwa penal la oswa yon viktim zak yo ka konsidere kòm vyolasyon seksyon 120.45, 120.50, 120.55, oswa 120.60 lwa penal.

Yon anplwaye kapab mande yon akomodasyon rezonab akòz kondisyon reyèl oswa aparant li kòm viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl oswa trakaj pou li kapab fè travay esansyèl yon djòb. Yo kapab mande anplwaye a pou l bay prèv alekri ke li se yon viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl oswa trakaj. Yon anplwaye ki mande yon akomodasyon rezonab ap founi yon kopi prèv alekri konsa nan yon peryòd rezonab apre li fin fè demann lan. Yo ka satisfè demann prèv la avèk yon dosye polis oswa tribinal, dokiman yon anplwaye, yon ajan, oswa yon volontè sèvis pou viktim, yon avoka, yon manm klèje, oswa yon ajans pwofesyonèl oswa medikal ke anplwaye a oswa fanmi anplwaye t al mande konkou kòm yon viktim reyèl oswa aparant vyolans domestik, agresyon seksyèl, oswa trakaj ak/oswa efè vyolans oswa trakaj la; oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk pwoblèm lan ak demann akomodasyon an.